

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Puisi sawér pangantén anu kakumpulkeun ti Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan jumlahna aya 18 tapi, lantaran aya puisi sawér anu rumpakana sarua ku kituna nu dianalisis téh ukur 11 puisi sawér.

Dumasar hasil analisis, puisi sawér pangantén di Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan aya opat wangun nu kapanggih nya éta nu wangun pupuh, sa'ir, puisi semi kauger (puisi dua saruntuy, lima saruntuy, jeung genep saruntuy), jeung sajak bébas. Wangun pupuh kapanggih dina sakabéh puisi sawér pangantén iawal, dina *Puisi Sawér Pangantén 8*, patokan pupuh anu dipaké dina puisi sawér pangantén nu kakumpulkeun nya éta Pupuh Kinanti jeung Pupuh Dangdanggula. Wangun puisi sémi kauger kapanggih dina *Puisi Sawér Pangantén 1*, *Puisi Sawér Pangantén 3*, *Puisi Sawér Pangantén 9*, jeung *Puisi Sawér Pangantén 11*. Wangun sa'ir kapanggih dina *Puisi Sawér Pangantén 8*. Wangun sajak bébas kapanggih dina *Puisi Sawér Pangantén 1*.

Sacara gurat badag eusi anu nyampak dina puisi sawér pangantén di Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan ngawengku tilu hal nya éta; 1) papatah ngeunaan kaagamaan, sangkan teu poho ngajalankeun ibadah, 2) papatah pikeun pangantén awéwé jeung lalaki sangkan silih mikanyaah silih mikacinta, silih béla sangkan rumah tangga runtut raut salawasna, 3) papatah ngawangun hubungan jeung sasama hartina akur jeung dulur boh ti dulur awéwé boh ti dulur lalaki, nyaah ka nu jadi kolot jeung mitoha, sarta hadé jeung tatangga.

Nilik kana basa jeung eusi nu nyangkaruk dina puisi sawér pangantén di Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan, éta puisi sawér pangantén téh luyu pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun ditingkatan SMP Kelas VIII.

5.2 Saran

Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan puisi sawér pangantén di Kacamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan, aya sababara hal anu perlu ditepikeun.

1. Pikeun siswa jeung mahasiswa

Parasiswa jeung mahasiswa kudu diwanohkeun kana karya sastra Sunda hususna puisi sawér pangantén, sangkan maranéhna boga rasa reueus tur mibanda kana budayana sorangan.

Karya sastra Sunda tangtuna loba kénéh nu sumebar di masarakat dipiharep aya deui panalungtikan-panalungtikan séjénna sangkan bisa kadokuméntasikeun tur dipikawanoh ku balaréa.

2. Pikeun guru

Paraguru anu nyekel mata pelajaran basa Sunda kudu boga alternatif bahan pangajaran ulah ngagugulung teuing tina buku sumber. Para guru leuwih hadé mibanda pangaweruh anu aya di masarakat sabudeureun boh ngeunaan sastra boh ngeunaan budaya sangkan leuwih deukeut jeung pamahaman siswa.

3. Pikeun pamaréntah

Pamaréntah nu pakait kudu nyaho kana karya-karya sastra anu sumebar di wewengkonna, jadi fasilitator pikeun panalungtik sangkan panalungtikan bisa lumangsung kalayan lancar.